

ANSEYE POU AYITI: REYALIZASYON POU ANE 2015 LAN

Premye kowòt anseyan-lidè komanse pwogram Anseye Pou Ayiti nan 2015. Nou di mèsi pou mouvman lidèchip kolektif k ap pran jarèt. Transfòmasyon kapab fêt-mann kowòt nou yo ak aprenan nou yo ap ouvè wout ki baze sou respè ak apresiyasyon pou kominote yo. Anseye Pou Ayiti ap chache ogmante pwogram li an a 250 anseyan-lidè pou yo kab byen prepare 16.000 aprenan nan lespas 5 ane. N ap mennen menm konba—e se ansanm nap reyisi.

670+



Kantite aprenan nan klas anseyan-lidè nou yo pandan ane lekòl 2015-2016

238



Kantite aplikasyon nou resevwa pou kowòt 2015

30



Kantite anseyan-lidè nan kowòt 2015, k ap sèvi ak novo apwòch pou devlope konesans, konpetans ak mantalite aprenan yo

15



Kantite lekòl jodi a k ap travay an patenarya avèk APA, yo tout gen difikilte pou yo attire bon jan anseyan epi kenbe yo nan lekòl la

4



Kantite komin kote nou tabli patenarya avèk lekòl primè nan zòn riral

PATNÈ



Konpayi Dimagi, Inc., nan tèt ansanm ak Anseye Pou Ayiti, kreye yon aplikasyon mobil pou ranmase done epi ede swiv pwogrè anseyan-lidè ak aprenan yo fè

Mèsi Tout Patnè Nou Yo!



Herbert & Neil Singer Foundation



ANSARA
FAMILY FUND
at the Boston Foundation



PLIS ENFÒMASYON

Direktè lekòl ak fòmatè anseyan ki sot lòt kote ap mande pou yo patisipe nan fòmasyon lidèchip nou yo.

APA ap travay an patenarya avèk 6 òganizasyon lokal pou ankouraje inisyativ bon kalite ansèymen sa a. Amplis, APA ap travay sou yon novo inisyativ pou ogmante kantite bon kalite moun k ap ankadre anseyan yo nan tout peyi a.

Chante sou angajman aprenan yo ak gwoup APA yo gaye kounye a non sèlman nan tout lekòl k ap kolabore avè nou yo men nan tout kominote yo tou.

Se tout tan y ap mande manm kowòt 2015 nou yo pou yo pataje estrateji ak teknik yo aprann ak anseyan kòleg yo nan lekòl patnè nou yo.

ENSTITISYON KI REKONÈT EFÒ APA AP FÈ YO

Organizasyon global "Echoing Green" te chwazi APA kòm youn nan pi bon novo pwogram sosyal pou ane 2014 la.

APA se yon patnè ofisyèl yon rezo mondal ki rele "Teach For All."

Òganizasyon "Center for Education Innovations" te pibliye yon atik sou APA.

APA parèt nan paj entènèt Asosiyasyon Nasional Pwofesyonèl Ayisyen ki prezante diferan lidè Ayisyen (Haitian Leaders Spotlight).

Nan kanpay pou selebre epi enspire aprenan-lidè, "Teach For All" chwazi istwa sikse anseyan-lidè APA k ap devlope aprenan-lide nan klas ak lekòl yo.

PDG nou chwazi pou Forbes "30 Under 30 Social Entrepreneurs" pou ane 2016 la.